



NOAA
FISHERIES

NOAA Fisheries
**Egalite ak
Estrateji Jistis
pou Aviwònman an**


Rezime

NOAA Fisheries gen responsabilite pou li jere resous ak anviwònman oseyan peyi a. Nou itilize pi bon opsyon syantifik ki disponib yo pou rann sektè lapèch la pi dirab epi pi pwodiktif, kreyasyon manje lanmè ki pi bon pou sante moun, konsèvasyon resous pwoteje yo, ak jesyon ekosistèm yo pou yo ka toujou sen. Se objektif pa nou pou n rann sèvis sa yo disponib pou tout moun, yon fason pou pa gen okenn kominate¹ ki neglige. Dokiman sa a konsantre sou estrateji NOAA Fisheries genyen pou l entegre egalite ak jistis pou anviwònman (equity and environmental justice, EEJ) nan tout sa n ap fè, epi nan fason ki an koneksyon ak lwa aplikab yo ak disponibilite apwopriyasyon yo.²

Egalite se tretman jis tout moun, pandan n ap pran an kont se pa tout moun yo te trete nan yon fason ki jis. Jistis anviwònmantal se egalite ki aplike sou lwa, politik ak pratik anviwònmantal yo. Gouvènman Federal la rekonèt obstak ki genyen pou egalite fè chimen l yo anpeche anpil kominate jwenn sèvis, epi menm kominate sa yo souvan vilnerab fas ak pwoblèm anviwònman yo, tankou chanjman klimatik. Pandan li rekonèt se pa tout kominate yo ki gen aksè egalego nan sèvis NOAA Fisheries yo, nou idantifye twa objektif priorité pou mete nou sou chimen estrateji EEJ a pi fasilman pou tout moun:

- Bay idantifikasiyon, tretman egalego ak angajman priorité pou kominate ki neglige yo.
- Bay sèvis yo yon fason ki pi egal; epi
- Bay EEJ priorité nan travay misyon nou ansanm ak yon pwogrè ki vizib.

Pou rive atenn objektif sa yo nou te idantifye sis pati esansyèl nou kapab amelyore. Nou kreye estrateji sa a gras ak opinyon manm pèsònèl NOAA Fisheries ansanm ak publik la. Nou pral kontinye angaje ak kominate yo, ansanm ak kominate ki pi neglige yo an patikilye, pou aplike estrateji sa a nan nivo reyonal ak pwogramatik. Gen anpil bagay pou n fè, epi nou angaje nou pou amelyore estrateji EEJ a nan NOAA Fisheries.



¹ Pou objektif dokiman sa a, "kominate" yo se gwoup moun, reprezantan òganizasyon oswa gwoup enterè, oswa antite gouvènmantal ki gen yon gwo enterè oswa ki enflyanse pa travay ak politik NOAA Fisheries.

² Estrateji sa a dwe aplike nan koneksyon ak lwa aplikab yo epi li dwe fèt nan kad disponibilite apwopriyasyon yo. Pi devan, estrateji EEJ a pa gen okenn entansyon pran, ni li pa egn entansyon kreye, okenn lwa oswa avantaj, kit li materyèl kit li pwosédiral, aplikab selon lalwa oswa nan egalite dapre nenpòt antite ki kont Peyi Etazini, depatman li yo, ajans li yo, oswa antite li yo, ofisyè li yo, anplwaye li yo, oswa ajan li yo, oswa nenpòt lòt moun.